

Atik 1557: Kesyon Yo Poze Souvan

1. Kisa Atik 1557 la ye?

Atik 1557 la se yon pwovizyon legal nan Affordable Care Act (ACA, Lwa sou Swen Abòdab) pou konbat diskriminasyon. Lalwa entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, nasyonalite, sèks, laj, oswa moun ki gen andikap nan pwogram oswa aktivite lasante k ap resevwa èd finansye nan men Gouvènman Federal la, oswa yon ajans Ekzekitif ap jere, oswa nenpòt òganism ki etabli dapre Tit I ACA a. Atik 1557 te kòmanse aplike depi ACA a te pibliye.

2. Kijan Atik 1557 la pwoteje konsomatè yo?

Atik 1557 la dekrete li ilegal pou nenpòt ki founisè swen sante, kit se lopital oswa doktè, depi l ap resevwa finansman nan men Gouvènman Federal la, pou li ta refize trete yon moun - oswa fè zak diskriminasyon kont yon moun - baze sou ras li, koulè li, nasyonalite li, sèks li, laj li, ou byen andikap li. Atik 1557 la egzije menm obligasyon yo pou konpayi asirans ki resevwa èd finansye gouvènman federal yo. Yo entèdi konpayi asirans yo pami tout lòt bagay, pou yo eksli oswa bay moun move tretman baze sou tout sa atik la entèdi yo. Règleman final atik 1557 la aplike pou benefisyè èd finansye nan Department of Health and Human Services (HHS, Ministè Sèvis Sante ak Sèvis pou Moun), Health Insurance Marketplaces (Akò sou Asirans Sante a) ak progwam sante HHS yo.

3. Èske règleman final dapre Atik 1557 la diferan de règleman ki nan lòt lwa dwa sivil Office for Civil Rights (Biwo Dwa Sivil) la te deja ap aplike yo?

Règleman final la konfòm ak lwa sou dwa sivil ki etabli pa gouvènman federal ki egziste deja yo epi tou li pèmèt moun konprann pi byen tout nòm HHS gen pou li aplike lè l ap egzekite Atik 1557 ACA a. Règleman sa yo prevwa ke yo pa ka refize moun aksè a swen sante oswa asirans sante oswa otreman pou fè moun diskriminasyon akòz ras, koulè, peyi orijin, sèks, laj oswa enfimite.

Règleman final sa a ki konstwi sou prensip dwa sivil ki la depi lontan e ke moun konnen an se yon etap enpòtan nan eliminasyon diskriminasyon ki kont lalwa nan pwogram gouvènman federal la finanse ak nan pwogram HHS yo. Atik 1557 la se premye lwa sou dwa sivil gouvènman federal la ki entèdi diskriminasyon globalman sou baz sèks nan pwogram swen sante ki finanse pa gouvènman federal yo. Règleman final la ranfòse pwoteksyon kont diskriminasyon pou moun ki gen asirans sante nan Health Insurance Marketplaces ak kèk lòt asirans sante. Li aplike tou pou pwòp pwogram sante HHS yo.

4. Èske Atik 1557 la te aplike?

Atik 1557 la te kòmanse aplike depi ACA la te pibliye nan lane 2010. Depi lè sa a, Office for Civil Rights la t ap resevwa epi t ap ankete sou tout plent sou diskriminasyon ki gen rapò ak Atik 1557 la.

5. Ki dat règleman final la anvigè?

Règleman final la anvigè 60 jou apre piblikasyon l nan Rejis Federal la. Gen twa sitiyasyon kote antite ki kouvri yo gen delè siplemantè pou konfòme ak egzijans règleman an: afiche avi ak slogan sou dwa konsomatè yo; nòm pou aksesibilite pou bilding ki pa t deja kouvri pa Americans with Disabilities Act (Lwa pou Ameriken ki Andikape) yo ak chanjman nan konsepsyon ki pa t deja kouvri nan asirans sante yo.

6. Ki sa mwen ka fè si mwen panse ke dwa sivil mwen yo pa respekte, dapre Atik 1557 la?

Si ou santi ou viktim diskriminasyon nan yon sèvis sante oswa nan yon asirans, ou mèt ranpli yon plent pou diskriminasyon dapre Atik 1557 la. Tanpri ale sou sit entènèt OCR la nan www.hhs.gov/ocr pou w depoze yon plent oswa solisite yon dosye pou plent oswa rele OCR nan (800) 368-1019 oswa (800) 537-7697 (TDD) pou w pale ak yon moun ki ka reponn kesyon ou yo epi gide w nan pwosesis la. Fòmilè OCR pou w ka pote plent yo disponib nan anpil lang. Moun kapab pote plent la jistis dapre Atik 1557 la tou.

7. Poukisa OCR emèt yon règleman final pou ranfòse Atik 1557 la?

OCR emèt règleman final sa a pou edike konsomatè yo sou dwa yo epi pou pou ede antite ki asire yo konprann devwa yo dapre Atik 1557 la. Règleman final sa a konstwi sou nòm kat lwa dwa sivil gouvènman federal ki nan Atik 1557 yo ak règleman yo aplike yo: Nimewo VI, Civil Rights Act (Lwa sou Dwa Sivil) ane 1964, Nimewo IX Amandman Lwa Edikasyon 1972 la, Atik 504 Rehabilitation Act (Lwa sou Reyabilitasyon) 1973) ak Age Discrimination Act (Lwa sou Diskriminasyon Laj) ane 1975. Règleman final la mete anplas entèdiksyon kont diskriminasyon sou sèks, pami lòt bagay nan pwogram swen sante gouvènman federal la finanse epi li etabli nòm ki aplike pou Health Insurance Marketplaces ak pwogram sante HHS jere yo.

8. A kilès règleman final sa a aplike?

Règleman final sa a aplike a tout progwam lasante oswa aktivite lasante HHS finanse, tankou pwogram Medicare Pati D ak Health Insurance Marketplaces ak tout plan konpayi ki patisipe nan Akò sa yo ofri yo. Enstitisyon règleman sa yo kouvri yo ka enkli lopital, klinik sante, konpayi asirans sante, ajans Medicaid eta, sant sante kominotè, klinik doktè ak ajans swen sante adomisil yo.

Alòske règleman final la aplike pou HHS ak pwogram ak aktivite lasante li finanse yo sèlman, Atik 1557 la aplike nan fason ki pi global pou tout pwogram ak aktivite lasante ki resevwa èd finansye nan men nenpòt ministè oswa ajans Federal.

9. Èske règleman final la aplike ak Marketplace (Akò) yo?

Wi, li aplike a toulede pwogram Marketplace yo. Ke se swa, Federally-Facilitated Marketplaces (Akò ki Gouvènman Federal la Sipòte) ak State-based Marketplaces (Akò ki baze nan Eta) yo dapre Atik 1557 la.

10. Nan ki fason enstitisyon ki kouvri yo sipoze fè konsomatè yo konnen dwa yo?

Règleman final la egzije tout enstitisyon ki kouvri yo afiche yon avi pou dwa sivil konsomatè yo; yo egzije enstitisyon ki kouvri ki genyen 15 anplwaye oswa plis yo pou yo gen yon pwosedi pou doleyans dwa sivil ak yon anplwaye ki deziyen pou kowòdone konfòmite. Gen yon nouvo règleman ki mande pou enstitisyon konsène yo pou yo afiche enfòmasyon pou di konsomatè ki andicap ak konsomatè ki pa pale anglè twò byen yo, ke yo gen dwa pou yo resevwa aistans. Epitou yap oblije afiche slogan nan 15 lang ki pi pale pami moun ki pa pale angle twò byen yo, pou yo fè konsomatè yo konnen ke genyen asistans gratis pou lang pa yo a. Yo egzije tou pou yo afiche enfòmasyon nan 15 lang LEP (Moun ki pa pale anglè twò byen) yo pi pale nan eta kote enstitisyon ki kouvri a ap fonksyone a pou enfòmasyon konsomatè yo ke gen sèvis asistans lang ki disponib.

Pou diminye chaj la pou enstitisyon ki konsène yo, OCR la te prepare modèl deklarasyon kont diskriminasyon enstitisyon ki konsène yo ka sèvi avèk yo si chwazi fè sa; konsa tou yo ka fè pwòp nòt oswa deklarasyon pa yo si yo vle. Pou plis enfòmasyon sou avi ak slogan ki tradwi yo, ale sou www.hhs.gov/civil-rights/for-individuals/section-1557/translated-resources/index.html.

11. Kisa règleman final la ekzije de Moun ki pa Pale angle twò Byen (LEP) yo?

Règleman final la adopte prensip dwa sivil ki la depi lontan ki egzije enstitisyon ki konsène yo pran mezi ki rezonab pou yo bay aksè ki enpòtan a chak LEP (moun ki pa pale angle twò byen). Nòm ki fè pati règleman final yo fleksib epi yo mache ak kontèks la lè w pran an kont faktè tankou nati ak enpòtans pwogram sante ak kominikasyon nan sijè a ak lòt konsiderasyon ki apwopriye tankou si yon enstitisyon te devlope epi mete an aplikasyon yon plan aksè lang ki apwopriye ak sikonstans li yo.

12. Ki sa règleman final la ekzije konsènan moun ki gen andikap?

Règleman final la ale nan menm sans ak enstriksyon pou mete egzijans ki selon "Americans with Disabilities Act" ak Atik 504 Rehabilitation Act of 1973 la an pratik. Li ekzije bon jan kominikasyon, ikonpri lè yo bay sèvis ke yap bay lòt èd yo ak sèvis; li etabli nòm pou bilding ak etablisman yo ka aksesib; li exije pou progwam sante yo ofri pa vwa electwonik ak teknoloji enfòmasyon yo ka disponib; e li egzije enstitisyon ki konsène a fè modifikasyon ki rezonab nan politik, pwosedi ak pratik li yo pou bay moun ki andikape yo aksè nan pwogram ak aktivite sante nan yon enstitisyon ki konsène.

13. Ki kalite diskriminasyon ki konstitye yon diskriminasyon ki baze sou sèks?

Dapre règleman final la, diskriminasyon sou baz sèks genyen ladann, diskriminasyon akòz moun nan ansent, idantite sèks, ak kategori sèksyèl. Sa gen plis pase 25 ane, Lakou Siprèm Etazini an te deklare diskriminasyon ki baze sou kategori ki an rapò avèk sèks yon moun se diskriminasyon seksyèl et li ilegal.

Alòske règleman final la pa rezoud kesyon pou konnen si diskriminasyon ki baze sou oryantasyon seksyèl sèlman se yon fòm diskriminasyon seksyèl dapre Atik 1557 la, règleman an rann li klè ke OCR ap evalye plent ki pwoteste kont diskriminasyon seksyèl ki lye ak oryantasyon seksyèl yon endividi pou detèmine si yo genye kalite diskriminasyon atik 1557 la ka abòde yo. HHS la apiye diskriminasyon kont oryantasyon seksyèl kòm yon kesyon politik e l ap kontinye modere devlopman legal ki nan pwoblèm sa.

14. Poukisa OCR la chwazi enkli pwovizyon ki adrese espesyalman kesyon aksè pou tout moun sou baz sèks nan pwogram ak aktivite sante yo?

Anpil nan pwobizyon règleman final la fè pati prensip ki la lontan ak pwoteksyon dwa sivil epi donk, k ap fanilye pou enstitisyon ki direje pa règleman final yo. Règleman final la bay lòt endikasyon nan domèn kote aplikasyon prensip sa yo ka pa komen. Akòz Atik 1557 la se premye lwa sou dwa sivil Federal ki entèdi diskriminasyon sèks sou plan global nan tout pwogram ak aktivite swen sante gouvènman federal la finansè yo, règleman final la genyen pwovizyon yo deziyen pou edike konsomatè ak enstitisyon ki konsène yo espesyalman konsènan diskriminasyon sèks nan kontèks pwogram sante yo. OCR bay enfòmasyon tou sou ki jan pou yo aplike prensip ki kont diskriminasyon nan sektè asirans sante ak lòt kouvèti sante.

15. Kisa pwovizyon ki adrese espesyalman aksè pou tout moun sou baz sèks nan pwogram ak aktivite sante yo egzije?

Pwopozisyon règleman an egzije enstitisyon yo pou yo bay tout moun, menm aksè nan pwogram ak aktivite sante yo san diskriminasyon sou baz sèks yo, epitou pou yo trete tout moun konfòmman a identite seksyèl yo. Pwovizyon sa aplike pou tout pwogram ak aktivite ki enkli pwogram ki gen rapò ak aksè nan etablisman enstitisyon ki kouvri a ap jere.

16. Kisa pwovizyon an entèdi konsènan diskriminasyon nan domèn asirans sante ak lòt kouvèti sante?

Règleman final la entèdi enstitisyon ki kouvri yo fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, sèks, laj, oswa enfimite lè y ap founi oswa bay sèvis asirans ki gen rapò ak sante oswa lòt kouvèti ki gen rapò ak sante. Entèdiksyon sa a valab pou tout enstitisyon kap bay asirans epi ki benefisye de èd finansye Federal, tankou kredi sou enpo ak rediksyon sou pataj depans ki asosye ak kouvèti yo ofri atravè Health Insurance Marketplaces oswa pèman Medicare Pati A, C ak D.

Dapre règleman final la, yon enstitisyon ki konsène pa ka: nye, anile, limite oswa refize emèt oswa renouvle yon polis asirans ki gen rapò ak sante oswa yon lòt kouvèti ki gen rapò ak sante; nye oswa limite kouvèti yon reklamasyon oswa enpoze pataj depans siplemantè oswa lòt limitasyon oswa restriksyon; oswa anplwaye pratik maketing oswa benefis ki fè diskriminasyon sou baz ras, koulè peyi orijin, sèks, laj oswa enfimite. Règleman final la pa egzije plan yo kouvri yon benefis oswa sèvis patikilye oswa entèdi konpayi a pou l detèmine si yon sèvis sante nesèsè sou plan medikal, men yon enstitisyon ki konsène pa ka gen yon polis asirans ki fonksyone nan yon fason ki fè diskriminasyon.

Règleman final la entèdi yon enstitisyon ki konsène pou l nye oswa limite kouvèti, nye oswa limite yon reklamasyon, oswa enpoze lòt pataj depans oswa lòt limitasyon sou nenpòt sèvis sante ki disponib òdinèman oswa nan fason eksklizif pou moun yon sèks, baze sou sèks yo te bay lè l te fèt, ke idantite seksyèl oswa idantite yo te anrejistre a diferan de sa sèvis swen sante a genyen ki disponib òdinèman. Pa egzanp, lè yon plan kouvri egzamen pèlvik ki apwopriye sou plan medikal, yo pa ka refize kouvèti a pou yon moun yon egzamen pèlvik apwopriye sou plan medikal paske swa yo idantifye moun nan kòm yon transeksyèl gason oswa yo te anrejistre l nan plan sante a kòm yon gason.

Dapre règleman final la, tout ekskliyon oswa limitasyon sou kouvèti pou tout sèvis sante ki gen rapò ak tranzisyon sèks se diskriminasyon. Epi, yon enstitisyon ki konsène pa ka nye oswa limite kouvèti, lye oswa limite yon reklamasyon oswa enpoze yon pataj depans siplemantè oswa lòt limitasyon oswa restriksyon pou nenpòt sèvis sante patikilye ki gen rapò ak tranzisyon seksyèl si refi, limitasyon oswa restriksyon sa lakoz diskriminasyon kont yon moun ki transeksyèl.

17. Èske règleman final la kouvri diskriminasyon nan travay?

Règleman final kouvri nan fason ki limite diskriminasyon nan travay. Règleman final la entèdi pou yon anplwayè ki resevwa èd finansye Federal ki enplike prensipalman nan founi swen sante oswa kouvèti sante tankou yon lopital, yon mezon retrèt, fè diskriminasyon nan benefis sante anplwaye a. Règleman final la aplike pou benefis sante anplwaye yon enstitisyon ki pa angaje prensipalman nan founi swen sante oswa kouvèti sante ofri, si enstitisyon sa resevwa finansman Federal ki se pou pwogram benefis sante anplwaye a espesyalman oswa pou yon pwogram sante an patikilye. Men, nan dezyèm sitiyasyon an, se sèl anplwaye k ap travay pou pwogram sante yo ki t ap konsène pa règleman an. Tretman diskriminasyon travay règleman final la dapre Atik 1557 la pa chanje pwoteksyon yo selon Tit VII Civil Rights Act, Americans with Disabilities Act, Age Discrimination in Employment Act (Lwa sou Diskriminasyon Laj nan Travay) oswa lòt dwa sivil yo fè referans a yo nan Atik 1557 la.

18. Eske règleman final la genyen ladan l egzansyon relijye?

Règleman final nan Atik 1557 la pa enkli yon egzansyon relijye; men, règleman final la pa deplase pwoteksyon pou libète relijye ak konsyans ki egziste deja yo.

19. Èske mwen ka revize règleman final la?

Wi. Ou ka revize yon kopi règleman final sa nan www.federalregister.gov.

20. Èske mwen kapab jwenn yon kopi règleman an ki enprime an gwo karaktè, nan lang Bray, oswa sou lòt fòm?

Wi. Pou ou jwen yon kopi nan yon lòt fòm, tanpri kontakte Office for Civil Rights la epi bay detay sou fòm ou vle a. Pou w kontakte nou, rele nimewo gratis nou an nan (800) 368-1019 or (800) 537-7697 (TDD) pou èd.